



Pou Moun M ye a!

AVANTAJ ALLEGION



PRENSIPAL AVANTAJ POU NOUVO ANPWAYE YO AN 2026 >

Anplwaye Salarye ak Anplwaye pa Èdtan ki pa nan Sendika yo Ozetazini



Byenvini nan Allegion

Nou Kontan dèske w La a!

Avantaj nou yo fèt pou ou, antanke moun, ansanm ak tout bezwen epi dezi inik ou yo. Nou gen sousi pou sante ak byennèt ou, epi nou vle w kontinye gen enfòmasyon ak konfyans konsènan avantaj ou chwazi a. Se poutèt sa nou bay yon seri resous ki kapab reponn kesyon w yo epi ede w aprann plis sou sa ki disponib pou ou.

Kidonk, kounye a se moman pou w chèche konn opsyon w genyen yo, yon fason pou w kapab fè pi bon chwa pou ou menm ak fanmi w. Egzamine rezime sa a pou w konprann tout avantaj yo anvan w enskri. Pou pifò avantaj yo, w ap sèlman gen 31 jou apati dat yo te anboche w la pou w enskri. Sinon, ou p ap kapab enskri rive jis nan pwochen Enskripsyon Chak Ane a, epi avantaj yo ap antre an vigè nan dat 1ye janvye 2027.

Lis Bagay pou w fè pou w Enskri

✓ Chèche konn avantaj ou yo

Prepare w pou enskripsyon an lè w egzamine rezime sa a gen enfòmasyon jeneral sou pwogram avantaj ou yo. Oswa, ale sou sit nou an ki bay enfòmasyon sou avantaj yo, [AllegionBenefits.com](https://www.allegionbenefits.com), pou aprann plis.

✓ Enskri sou Workday

Ou kapab gen aksè nan Workday, ki se sistèm enskripsyon anliy nou an, apati òdinatè w oswa yon kyòs, pou w chwazi avantaj ou yo.

✓ Enprime konfimasyon w lan

Ou p ap resevwa yon deklarasyon pou konfimasyon nan kourye lapòs. Asire w ou enprime oswa anrejistre yon kopi sou sistèm nan apre w fin chwazi kouvèti w la.

✓ Egzamine Plan 401(k) a

Egzamine enfòmasyon sou Plan Epay Anplwaye ou te resevwa nan men Fidelity a — san wete opsyon yo ak fason pou w chanje to kotizasyon w lan epi pou w dezabone.

✓ Siveye kat idantite yo

Si w enskri nan kouvèti maladi ak preskripsyon medikaman, oswa ou ouvri yon kont depans, w ap resevwa kat idantite ak kat debi nan adrès postal ou nan espas de (2) semèn apre enskripsyon an. Ou p ap resevwa yon kat idantite pou kouvèti dantè oswa swen pou je — founisè w la ap verifye kouvèti a grasa nimewo idantite anplwaye w la oswa nimewo Sekirite Sosyal ou.

E si mwen pa enskri?

Anplwaye ki se salarye

Si w pa enskri nan espas 31 jou apre dat kalifikasyon w lan, yon fason otomatik, w ap resevwa garanti Konpayi a bay ki vin apre yo pa defo, avèk yon kouvèti ki ap an vigè nan dat yo te anboche w la:

- Asirans Lavi Debaz ak Asirans pou Lanmò ak Demanbreman nan Aksidan
- Pwogram Èd pou Anplwaye (Employee Assistance Program, EAP)
- Andikap Akoutèm (Short-Term Disability, STD)
- Andikap Alontèm (Long-Term Disability, LTD)

Anplwaye pa èdtan

Si w pa enskri nan espas 31 jou apre dat kalifikasyon w lan, w ap gen aksè otomatikman nan EAP a, epi w ap enskri nan Asirans Lavi Debaz ak Asirans pou Lanmò ak Demanbreman nan Aksidan an, nan dat yo te anboche w la. Apre 90 jou, w ap enskri nan STD oswa LTD.

Ki moun ki kalifye

Anplwaye

Ou kalifye si w ap travay:

- 30+ èdtan epi w se yon anplwaye regilye tan pasyèl
- 20–29 èdtan epi w se yon anplwaye regilye amitan (anplwaye tan pasyèl yo pa kalifye pou avantaj LTD oswa Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Account, FSA) yo)

Moun ki sou kont

Si w enskri poukont ou, ou kapab enskri moun ki sou kont ou epi ki kalifye yo tou, tankou:

- Konjwen legal ou
- Timoun ki sou kont ou epi ki poko gen 26 lane (san wete timoun biyolojik, bofis/bèlfi, timoun ou adopte ak timoun ki nan fanmi dakèy)
- Nenpòt timoun ki gen 26 lane oswa plis epi ki gen yon andikap pèmanan epi total anvan laj 26 lane

Lè Kouvèti a Kòmanse

Pou pifò avantaj yo — eksepte sa ki egzijje Prèv Asirans yo (Evidence of Insurability, EOI) — kouvèti a ap an vigè depi nan premye jou travay ou nan Allegion. W ap gen posibilite pou enskri oswa pou chanje opsyon kouvèti w la chak peryòd Enskripsyon Chak Ane, kote avantaj yo ap kòmanse nan dat lye janvyè.

Obligasyon pou Verifye Moun ki sou Kont ou

Si w enskri moun ki sou kont ou yo nan avantaj Allegion yo, ou dwe verifye yo kalifye pou patisipe. W ap resevwa lèt nan Verify1 an ki gen yon seri etap obligatwa pou asire w moun ki sou kont ou yo gen kouvèti.

Chanjman nan Evènman Lavi a

Ou kapab chanje chwa avantaj ou si w ap fè fas ak yon evènman nan lavi a ki fè w kalifye pou sa, tankou maryaj, nesans yon timoun, divòs, pèdi kouvèti, elatriye. W ap gen 31 jou apati dat evènman an, kote chanjman yo ap antre an vigè nan dat aktyèl evènman an. Detay konsènan evènman nan lavi yo disponib sou sit Avantaj Allegion an.



Medikal ak Preskripsyon

Allegion pwopoze kat (4) plan medikal, sa ki ba w libète pou chwazi sa ki pi bon pou ou menm ak fanmi w lan. Gen de (2) faktè pou pran an konsiderasyon lè w ap chwazi yon plan — pri a ak aksè nan founisè ou prefere yo. HSP ak PPO pèmèt ou gen posibilite pou al lakay nenpòt founisè ou chwazi (men, w ap peye pi chè lè w resevwa swen nan men yon founisè ki pa nan rezo a). Opsyon pou jwenn Rezo Bonjan Pèfòmans yo pèmèt ou redui pri a paske ou gen aksè sèlman ak yon gwoup founisè bonjan kalite ki nan rezo a. Ou kapab jwenn yon lis founisè ki nan rezo a lè w ale sou anthem.com/find-care.

Se Anthem BlueCross BlueShield (BCBS) ki ap jere tout plan yo		HSP	Rezo Pèfòmans Elve HSP (HPN)	PPO	Rezo Pèfòmans Elve PPO (HPN)
		Gen swen ki disponib nan rezo a ak andeyò rezo a	Swen nan rezo a sèlman	Gen swen ki disponib nan rezo a ak andeyò rezo a	Swen nan rezo a sèlman
		Nan rezo a, ou peye:		Nan rezo a, ou peye:	
Franchiz chak Ane	Endividyèl Fanmi	\$1,700 \$4,000 ¹		\$1,000 ² \$2,000	
Ko-asirans		20%		20%	
Vizit nan Klinik	Swen Prevantif Swen Prensipal Espesyalis	\$0 20% apre franchiz 20% apre franchiz		\$0 \$25 kopeman \$40 kopeman	
Telemedsin		\$59 anvan franchiz 20% apre franchiz		\$25 kopeman	
Swen Ijan		20% apre franchiz		\$50 kopeman	
Sal Ijans³		20% apre franchiz		\$200 kopeman	
Etablisman Lopital (pasyan ki entène ak pasyan ki pa entène)		20% apre franchiz		20% apre franchiz	
Maksimòm ki sot nan Pòch ou chak Ane	Endividyèl Fanmi	\$3,400 \$7,350		\$3,500 \$7,000	
Preskripsyon Medikaman		Nan Rezo Sèlman			
Detay⁴	Nivo 1 — Jenerik Nivo 2 — Mak Preferansyèl Nivo 3 — Mak Pa Preferansyèl Mak Espesyalite	20% apre franchiz 35% apre franchiz 50% apre franchiz Pa disponib		\$10 35% okenn franchiz; \$50 maksimòm 50% okenn franchiz; \$100 maksimòm Pa disponib	
Kòmand pa Lapòs⁴	Nivo 1 — Jenerik Nivo 2 — Mak Preferansyèl Nivo 3 — Mak Pa Preferansyèl Mak Espesyalite ⁵	\$30 maksimòm 30% apre franchiz; \$150 maksimòm 50% apre franchiz; \$300 maksimòm 30% apre franchiz; \$300 maksimòm		\$30 maksimòm 30% okenn franchiz; \$150 maksimòm 50% okenn franchiz; \$300 maksimòm 30% okenn franchiz; \$150 maksimòm	

¹ Si w enskri nan kouvèti fanmi an, pa gen okenn franchiz endividyèl. Yon manm nan fanmi oswa plizyè manm nan fanmi an kapab responsab pou peye franchiz familial la.

² Chak manm nan fanmi an dwe atenn pwòp franchiz endividyèl pa li rive jiskaske montan total depans franchiz tout manm nan fanmi an peye a atenn franchiz global familial la.

³ Si w resevwa swen ki pa ijan nan sal dijans lan, w ap peye yon penalite \$75 epi yo pa kontan swen an nan maksimòm depans ki sot nan pòch ou a.

⁴ Si doktè w preskri yon medikaman jenerik epi w chwazi ranpli li ak yon ekivalan ki gen non mak epi ki klase nan yon nivo ki pi wo pou kouvèti preskripsyon, w ap peye ko-asirans nan nivo ki pi wo a, plis diferans nan depans ant medikaman jenerik la ak medikaman ki gen non mak la.

⁵ Medikaman espesyalize nan kòmand pa lapòs yo limite nan yon apwovizyonman pou 31 jou.

Swen Dantè

		Plan DPPO	Plan DPPO Buy-Up
Se Delta Dental ki ap jere li		Swen nan Rezo a (kouvèti andeyò rezo a disponib nan yon pri ki pi wo pou ou)	
		W ap Peye:	W ap Peye:
Franchiz chak Ane	Endividyèl Fanmi	\$50 \$150	\$50 \$150
Sèvis Prevantif	Netwayaj (4 fwa pa ane), Egzamen (nan 2 nan 4 netwayaj yo kapab gen yon seri Egzamen founisè a ap fè), radyografi (1 chak ane)	\$0; kouvri a 100%	\$0; kouvri a 100%
Sèvis Debaz	Plonbaj, ekstraksyon, pawodonsi, operasyon nan bouch	20% apre franchiz	20% apre franchiz
Gwo Sèvis yo	Kouwòn, ekli nan dan, pwotèz dantè	50% apre franchiz	50% apre franchiz
Sèvis Òtodonsi		50% san franchiz (pou timoun ki sou kont ou epi ki gen jiska 19 lane)	50% san franchiz (pou tout anplwaye ki kouvri yo ak moun ki sou kont yo)
Avantaj Maksimòm pou Chak Moun	Maksimòm Chak Ane Sivil (sèvis prevansyon, debaz, ak gwo sèvis) Maksimòm Òtodonsi pou Tout Lavi	\$1,750 pa pèsòn \$1,750 pa pèsòn	\$2,000 pa pèsòn \$2,000 pa pèsòn

Swen pou Je

		VSP
Se VSP ki ap jere li		Swen nan Rezo a (kouvèti andeyò rezo a disponib nan yon pri ki pi wo pou ou)
		W ap Peye:
Egzamen Je	(chak 12 mwa)	\$0
Vè kontak	Swen Je Senp Doub fwaye Twa (3) fwaye	\$20 kopeman \$20 kopeman \$20 kopeman
Monti linèt	(disponib chak 24 mwa)	Nenpòt bagay ki plis pase \$150
Lantiy kontak	Nesesè nan Domèn Medikal Ochwa	\$0 \$20 pou jiska 6 bwat ki nan lis lantiy kontak ki gen kouvèti epi yo chwazi yo; nenpòt bagay ki plis pase \$150 si w chwazi lanti kontak ki pa nan lis lantiy kontak ki gen kouvèti epi yo chwazi yo

Aplikasyon Sydney Health: Aksè nan Avantaj yo Toupre w



Pou kòmanse, telechaje aplikasyon Sydney Health la.

Telemedsin

LiveHealth Online pèmèt ou gen aksè nan swen ki abòdab ak swen bon kalite, depi lakay ou, nan biwo w oswa an deplasman grasa vizit nan videyo. Ou menm ak fanmi w kapab konekte avèk yon doktè ki sètifye 24 èdtan pa jou epi 365 jou pa ane, grasa yon esmatfòn, tablèt oswa òdinatè — tout bagay sa yo jis pou yon kotizasyon toupiti chak vizit (gade tablo medikal ki nan paj 3 a). Ou kapab enskri lè w ale sou LiveHealth Online nan aplikasyon Sydney Health la. Doktè yo kapab fè dyagnostik, trete epi ekri preskripsyon (si sa nesèsè) pou pifò pwoblèm medikal ki pa ijan yo, tankou tous, rim, grip, bouton, enfeksyon nan kanal pou pipi ak pwoblèm sante konpòtmantal.

Sous Enfòmasyon Pèsonèl ou

Sydney Health se platfòm anliy nou an ki ap jere enfòmasyon konsènan swen sante pèsonèl ou. Sou sit la, ou kapab jwenn founisè, gen aksè nan franchiz ak balans kont ou yo, konpare epi jere depans ou, suiv aktivite byennèt ou yo ak plis toujou. Pou kòmanse, telechaje aplikasyon Sydney Health la epi ranpli enskripsyon an.

Pwogram Èd pou Anplwaye (Employee Assistance Program, EAP)

Nou tout ap fè fas ak pwoblèm pèsonèl detanzantan — sa fè pati limanite. Se rezon sa a ki fè EAP la pou ede w jwenn swen ak èd ou bezwen an. Allegion ofri ou menm ak fanmi w senk (5) seyans konsèy gratis nan kesyon sante konpòtmantal pa pwoblèm chak ane. Ou kapab rele EAP si w bezwen èd pou pwoblèm pèsonèl, tankou pou jere estrès, fè ekilib ant travay ak lavi, ak plis toujou. Ale sou anthemeap.com oswa rele **1.855.873.4932** nenpòt lè, lajounen kou lannuit, pou pale ak yon moun ki kapab ede w.

Ou pa renmen vizit an pèsòn yo?

Anthem pwopoze w Talkspace tou, ki se aplikasyon pou terapi anliy lan. Talkspace se yon mwayen pratik epi abòdab pou w jwenn eksperyans ou bezwen nan kesyon terapeetik la.





Pwogram sou Twoub Espèk Otis

Pwogram sa a bay sipò pèsonalize pou moun ak fanmi ki gen afekte akòz pwoblèm otis la. Gen responsab dosye devwe ki ap ede w navige nan sistèm swen sante a, antre an kontak avèk espesyalis ak resous kominotè yo, epi kowòdone swen pami founisè yo. W ap resevwa yon plan swen pèsonalize ki adapte ak bezwen fanmi w — san okenn frè pou anplwaye yo ak moun sou kont yo ki gen kouvèti. Rele **1.844.269.0538** pou kòmanse grasa yon seyans entwodiksyon.

Building Healthy Families

Building Healthy Families se yon pwogram ki la pou soutni fanmi ki an kwasans yo, epi ki bay yon akonpayman pèsonalize pandan gwosès grasa kotch swen familyal, zouti ak resous nimerik. Siveye risk pou sante anvan akouchman epi resevwa ekspètiz nan domèn sante ak byennèt.

Hinge Health

Hinge Health se yon pwogram terapi nimerik ki kapab ede w venk doulè kwonik nan do oswa nan jwenti, epi pou limite mouvman w yo oswa geri anba yon blesi — tout sa pandan w nan konfò lakay ou, san medikaman oswa operasyon. Hinge Health disponib pou anplwaye ak moun sou kont ki kalifye epi ki enskri nan yon plan medikal Allegion.

Inclusive Care Program

Pwogram Swen Enklizif nou an pa mwayen Anthem, pèmèt moun LGBTQIA+ yo ak moun ki pwòch yo gen aksè nan swen bon kalite epi ki respekte diyite moun. Chèche èd pou jwenn founisè nan rezo ou santi w alèz avèk yo, epi ki espesyalize nan tout bagay, soti nan afimasyon jan rive nan byennèt mantal. Aprann plis lè w rele nimewo telefòn Anthem ki sou kat idantifikasyon medikal ou a.

Swen Vityèl Live Health Online

Ou bezwen konsilte yon doktè pandan w ap vwayaje? Oswa byen ta lannuit? Ou gen gòj fè mal? Ou gen grip? Ou gen alèji? Telechaje aplikasyon LiveHealth Online la, itilize SSO a nan aplikasyon Sydney Health ou a oswa konekte sou **anthem.com**. Antre enfòmasyon konsènan asirans Anthem ou, pèman ak famasi w la, epi ret tann kèk minit nan fil datant lan pou w jwenn konsiltasyon doktè nan telefòn. LiveHealth Online disponib nan lang Espanyòl avèk doktè ki pale Espanyòl. Lè w konekte nan LiveHealth Online, chèche Cuidado Medico. Doktè ki sou LiveHealth Online yo pa kapab preskri sibstans ki kontwole.

Kont Sante

Nou ofri plizyè kont ki bay avantaj fiskal pa mwayen WEX, ou kapab itilize pou peye frè sante ak swen pou moun sou kont ou ki kalifye yo.

Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA)

- Dwe enskri nan HSP oswa HSP HPN
- Fè yon seri aktivite byennèt byen presi pou jwenn kontribisyon
- Konpayi a sou kont lan
- Kontribiye jiska \$4,400 (anplwaye sèlman) oswa \$8,750 (fanmi), plis \$1,000 ankò, si w gen 55 lane oswa plis¹
- Se ou ki ap deside kilè ak konbyen w ap bay kòm kontribisyon
- Lajan ki pa itilize yo ap repòte
- Se ou menm ki mèt kont lan ak nenpòt kontribisyon ou menm oswa Allegion fè sou li

¹ IRS fikse kontribisyon maksimòm pou HSA. Toujou sonje sa, si w jwenn nenpòt kontribisyon pou byennèt nan men Allegion, w ap bezwen ajiste montan kontribisyon ou vèsè sou kont lan yon fason pou w rete an konfòmite ak règ IRS yo.

Kont Ranbousman Sante (Health Reimbursement Account, HRA)

- Dwe enskri nan PPO oswa PPO HPN
- Dwe fè yon seri aktivite byennèt byen presi pou jwenn lajan Konpayi a
- Ou pa kapab vèsè kontribisyon yo — se sèlman kontribisyon Allegion yo kapab depoze sou kont lan lè w fin fè aktivite byennèt yo
- Yo ap repòte fon ki pa itilize yo mete sou yon lane apre lòt, men, yo ap pèdi si w kite Allegion

Lajan gratis!

Si w enskri nan yon kouvèti pou tèt ou sèlman, ou kapab genyen jiska \$1,000 sou Kont Epay Sante w la (Health Savings Account, HSA) oswa \$250 sou Kont Ranbousman Sante w la (Health Reimbursement Account, HRA), lè w patisipe nan aktivite byennèt ki deziyen yo, tankou egzamen chak ane. Si ou menm ak konjwen w ki enskri a ranpli tout aktivite byennèt yo, ou kapab genyen yon konbinezon total ki se \$2,000 \$ sou HSA ou a oswa \$500 sou HRA ou a.

Note sa: Apati Oktòb 2025, IRS kapab ajiste limit kontribisyon maksimòm chak ane pou Swen Sante Tradisyonèl FSA ak Depans Limite FSA a pou ane 2026 la.

Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Account, FSA) ki gen Frè Limite

- Dwe enskri nan HSP oswa HSP HPN
- Kontribiye \$100 rive \$3,400
- Tout fon yo ap disponib nan dat 1ye janvyè 2026
- Peye frè sèvis dantè ak swen pou je sèlman
- Dwe itilize lajan an anvan 15 mas 2027, sinon w ap pèdi li
- Dwe depoze reklamasyon an anvan 15 avril 2027

Swen Sante Tradisyonèl FSA

- Kapab enskri nan PPO oswa PPO HPN (oswa, si w gen kouvèti grasa konjwen w, nan yon plan yo pa konsidere ki gen franchiz wo)
- Kontribiye \$100 rive \$3,400
- Tout fon yo ap disponib nan dat 1ye janvyè 2026
- Dwe itilize lajan an anvan 15 mas 2027, sinon w ap pèdi li
- Dwe depoze reklamasyon an anvan 15 avril 2027

Swen FSA pou Moun ki sou Kont ou

- Ou pa oblije nan yon plan medikal pou w patisipe
- Ou kapab kontribiye jiska \$7,500. Nan ane ki ap vini yo, kapasite pou w kontribiye a kapab limite si yo konsidere w kòm yon Anplwaye ki
- Touche Anpil (Highly Compensated Employee, HCE), pou gen asirans yo respekte règ yo
- Fon yo dwe sou kont lan anvan yo kapab itilize yo
- Peye swen pou timoun ki poko gen 13 lane oswa pou konjwen oswa moun sou kont ou ki pa kapab pran swen tèt li fizikman oswa mantalman
- Dwe itilize lajan an anvan 31 desanm 2026, sinon w ap pèdi li

Note sa: Lè w ap deside ki kantite w ap kontribiye, asire w ou sonje sa w te deja kontribiye ane sa a nan yon ansyen enstitisyon travay, yon fason pou w respekte règleman IRS yo.

Byennèt

Pwogram byennèt Allegion an ba w zouti ak resous ou bezwen pou w genyen jiska \$1,000 sou Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA) ou a oswa \$250 sou Kont Ranbousman Sante (Health Reimbursement Account, HRA) ou a, selon aktivite ou fè yo epi selon nan ki plan medikal ou enskri. Si ou menm ak konjwen w ki enskri a ranpli tout aktivite byennèt yo, ou kapab genyen yon konbinezon total ki se \$2,000 \$ sou HSA ou a oswa \$500 sou HRA ou a. Pwogram nan disponib soti **1ye – 31** oktòb chak ane. Asire w ou telechaje aplikasyon Sydney Health la (li disponib sou app store ou a) epi enskri pou w kòmanse jodi a.

Etap Enpòtan	Rekonpans HSA	Rekonpans HRA
Fè Egzamen Fizik Chak Ane, oswa Vizit Jinekolojik Prevantif	\$500	\$100
Fè 1 sou 4 Tès Depistaj: <ul style="list-style-type: none"> • Mamogram • Kansè Kolorektal • Kansè nan Po — Dèmatològ • Kansè nan Pwostat — Tès San 	\$200	\$50
Tès Kolostewòl	\$200	\$50
Netwayaj ak Egzamen Dantè (Delta Dental)	\$100	\$25
Egzamen Je (VSP)	\$100	\$25
Fè 1 sou 5 Vaksinasyon: <ul style="list-style-type: none"> • Grip • COVID • Nemokòk • Zona • Tetanòs 	\$100	\$25
Tabak <ul style="list-style-type: none"> • Atestasyon Pa Konsome Tabak • Pwogram pou Sispann Fimen 	\$100	\$25
Montan Maksimòm ki Disponib	\$1,000 ou menm sèlman \$2,000 ou menm + konjwen	\$250 ou menm sèlman \$500 ou menm + konjwen



Pwoteksyon Revni

Santi lespri w anpè lefètke w konnen ou gen kouvèti si vin gen yon bagay ki rive sanzatann. Egzamine opsyon pou pwoteksyon revni ki anba a.

Avantaj pou Sivivan



Anplwaye

Lavi Debaz ak AD&D (Allegion peye)

- 1.5x HWBBP jiska \$1,000,000 nan kouvèti

Lavi Siplemanchè pou Anplwaye (ou peye)

- Jiska \$2 milyon nan kouvèti (nan miltip \$10,000)
- Jiska \$250,000 san Prèv Asirans (Evidence of Insurability, EOI)
- Montan ki plis pase \$250,000 yo ap bezwen EOI sèlman pou montan ki depase \$250,000 lan

Employee Supplemental AD&D (you pay)

Jiska \$2 milyon dola nan pwoteksyon (nan miltip \$10,000)



Moun ki sou kont

Lavi Siplemanchè pou Moun ki sou kont ou (ou peye)

- Jiska \$500,000 nan miltip \$10,000 pou konjwen w. EOI obligatwa si w chwazi plis pase \$50,000 nan kouvèti pou konjwen. Note sa: kouvèti pou konjwen an pa kapab plis pase 100% nan kouvèti lavi siplemanchè anplwaye a.
- \$5,000 oswa \$10,000 pou timoun ou an(yo) ki kalifye. Frè a se menm kèlkeswa kantite timoun ki gen garanti a.

AD&D Siplemanchè pou Moun ki sou kont (ou peye)

50% nan chwa w fè pou AD&D Siplemanchè pou Konjwen, epi/oswa 10% nan chwa w fè pou AD&D Siplemanchè pou Timoun

Andikap

Andikap Akoutèm (Allegion peye)

Anplwaye ki se Salarye	12 premye semèn yo: Plan an ranplase 100% nan salè debaz ou a
	14 pwochen semèn yo: Plan an ranplase 70% nan salè debaz ou a
Tout lò anplwaye pa èdtan ki pa nan sendika yo	Jiska 26 semèn: Plan an ranplase 70% nan salè debaz ou a apre sèt (7) jou absans youn apre lòt

Andikap Akoutèm (Allegion peye)

- Ranplase 40% nan HWBBP ou a apre 26 semèn
- EOI ap obligatwa si w renonse ak kouvèti anplis la antanke yon nouvo anplwaye epi w chwazi enskri nan yon dat ki pita.
- Ou kapab achte 20% kouvèti LTD anplis ki ranplase 60% nan HWBBP ou a pou jiska 26 semèn san okenn EOI.

Pèman Debaz pou Avantaj Sante ak Byennèt ou a (Health and Welfare Benefits Base Pay, HWBBP)

Allegion itilize HWBBP pou kalkile kouvèti avantaj pou sivivan. Pou moun yo fèk anboche yo, definisyon sa a baze sou dat yo te anboche w la, epi yo ap mete li ajou chak 31 out. Pou tout kouvèti debaz yo (Lavi, AD&D ak LTD), pou kalkile avantaj ou a, yo itilize salè debaz ou, prim pou pòs diferansyèl chak ane a, ak nenpòt prim lavant ensitasyon ou kapab kalifye pou resevwa.

Pwoteksyon Revni Kontinye

Avantaj Volontè

Allegion ba w posibilite pou w enskri nan lòt avantaj ki pa obligatwa. Ale sou [AllegionBenefits.com](https://www.allegionbenefits.com) pou w jwenn detay ak plis enfòmasyon. Note sa, gen kèk nan plan sa yo ki prevwa ekonomi ak rediksyon espesyal pou gwoup yo. Kontakte Allegion Benefits nan Allegion.USBenefits@Allegion.com oswa **1.844.623.9008**.

Enskri antanke yon Nouvo Anplwaye/ Chanje Pandan Enskripsyon chak Ane a

Se ARAG ki ap jere Asirans Jiridik la¹

Enskri Nenpòt Lè

Se Norton LifeLock ki ap jere Pwoteksyon Kont Vòl Idantite a¹

¹ Dediksyon sou pèman an obligatwa pou avantaj sa yo.

Allegion pa esponsòrize, li pa kontribiyè oswa apwouve okenn sèvis oswa politik yo ofri nan kad pwogram nan, epi li pa fè okenn deklarasyon konsènan sèvis oswa politik sa yo. Responsabilite Allegion nan kad pwogram yo limite nan kowòdone dediksyon sou salè pou peye prim yo. Si w chwazi achte yon sèvis oswa yon politik, kontra pou kouvèti w la ap fèt avèk chak founisè asirans epi kontak ou pou sèvis politik la se ap avèk Avantaj Volontè.



Plan Epay pou Anplwaye

Plan 401(k) Allegion an, Fidelity Investments ap jere a, se yon mwayen fasil pou fè ekonomi pou retrèt.

- Si w pa enskri yon fason aktif oswa w pa dezabone nan espas 30 jou apre dat yo te anboche w la, w ap enskri otomatikman avèk yon to kontribisyon 3% anvan taks.
- Ou kapab kontribiye jiska 50% nan salè kalifye w yo nan nenpòt konbinezon lajan anvan taks, apre taks Roth, nan limit definisyon plan an ak règleman IRS yo. Anplwaye ki gen 50 lane oswa plis yo kapab vèse kontribisyon ratrapaj nan kad règ IRS yo.
- Konpayi a responsab 100% nan kontribisyon w yo, jiska premye 6% nan salè ki kalifye a, sou baz limit IRS yo. Yo ap vèse tout sa ki rete a an kach epi yo ap investi yo nan menm opsyon investisman ak sa ou te chwazi pou pwòp kontribisyon w yo.
- Yo vèse kontribisyon w yo ak kontribisyon ekivalan Konpayi a vèse yo san pèdi tan.
- Ou kapab chwazi pami yon pakèt opsyon pou investisman.

Montre w se yon Ekonòm ki Serye

Byen reflechi ak kontribisyon w lan, paske plan an vèse yon kontribisyon ki rive jiska premye 6% ou ekonomize a. Lè w ekonomize mwens, sa vle di ou pèdi sou kontribisyon Konpayi a.



Kontribisyon De (2) Fwa pa Semèn 2026

Anba a, w ap jwenn **frè de (2) fwa pa semèn** pou kouvèti medikal la selon plan ou chwazi a.

HSP MEDIKAL (Anthem BCBS)

Salarye	Mwens pase \$50,000	\$50,000 a \$89,999	\$90,000 a \$119,999	\$120,000 oswa plis
Anplwaye sèlman	\$56.94	\$64.43	\$77.87	\$85.53
Anplwaye ak konjwen	\$120.78	\$151.48	\$182.50	\$201.20
Anplwaye ak timoun	\$72.47	\$95.18	\$124.10	\$138.45
Fanmi	\$162.20	\$200.23	\$241.51	\$265.81

HSP HPN MEDIKAL (Anthem BCBS)

Salarye	Mwens pase \$50,000	\$50,000 a \$89,999	\$90,000 a \$119,999	\$120,000 oswa plis
Anplwaye sèlman	\$28.17	\$40.93	\$53.24	\$60.62
Anplwaye ak konjwen	\$66.19	\$96.39	\$124.76	\$142.80
Anplwaye ak timoun	\$35.77	\$52.07	\$78.91	\$92.74
Fanmi	\$90.06	\$127.43	\$165.20	\$188.63

PPO MEDIKAL (Anthem BCBS)

Salarye	Mwens pase \$50,000	\$50,000 a \$89,999	\$90,000 a \$119,999	\$120,000 oswa plis
Anplwaye sèlman	\$76.70	\$85.68	\$101.75	\$118.22
Anplwaye ak konjwen	\$166.19	\$201.34	\$239.31	\$277.97
Anplwaye ak timoun	\$106.38	\$132.25	\$166.51	\$195.29
Fanmi	\$222.40	\$266.13	\$316.15	\$367.25

Kontribisyon De (2) Fwa pa Semèn 2026

Anba a, w ap jwenn frè de (2) fwa pa semèn pou kouvèti medikal, dantè ak swen pou je, selon plan ou chwazi a.

PPO HPN MEDIKAL (Anthem BCBS)

Salarye	Mwens pase \$50,000	\$50,000 a \$89,999	\$90,000 a \$119,999	\$120,000 oswa plis
Anplwaye sèlman	\$46.29	\$54.70	\$68.66	\$82.76
Anplwaye ak konjwen	\$94.88	\$128.71	\$161.72	\$194.84
Anplwaye ak timoun	\$50.58	\$75.42	\$105.80	\$130.24
Fanmi	\$128.17	\$170.16	\$213.62	\$257.39

W ap peye \$100 anplis chak mwa pou konjwen w si konjwen an gen aksè nan lòt kouvèti medikal, men, ou chwazi ba li kouvèti nan kad yon plan medikal Allegion.

W ap peye \$50 anplis chak mwa pou tabak, si w enskri nan yon plan medikal Allegion epi w ap itilize nenpòt kalite tabak oswa pwodui nikotin.

DANTÈ (Delta Dental)

	Plan DPPO	Plan DPPO Buy-Up
Anplwaye sèlman	\$5.08	\$6.72
Anplwaye ak konjwen	\$10.15	\$13.28
Anplwaye ak timoun	\$12.00	\$15.80
Fanmi	\$18.92	\$25.21

JE (VSP)

Plan Swen pou Je
\$2.63
\$5.61
\$5.24
\$8.96

Kontribisyon Chak Semèn 2026

Anba a, w ap jwenn **frè chak semèn** pou kouvèti medikal la, selon plan ou chwazi a.

HSP MEDIKAL (Anthem BCBS)

Salarye	Mwens pase \$50,000	\$50,000 a \$89,999	\$90,000 a \$119,999	\$120,000 oswa plis
Anplwaye sèlman	\$28.47	\$32.21	\$38.93	\$42.76
Anplwaye ak konjwen	\$60.39	\$75.74	\$91.25	\$100.60
Anplwaye ak timoun	\$36.24	\$47.59	\$62.05	\$69.22
Fanmi	\$81.10	\$100.11	\$120.75	\$132.90

HSP HPN MEDIKAL (Anthem BCBS)

Salarye	Mwens pase \$50,000	\$50,000 a \$89,999	\$90,000 a \$119,999	\$120,000 oswa plis
Anplwaye sèlman	\$14.08	\$20.47	\$26.62	\$30.31
Anplwaye ak konjwen	\$33.09	\$48.19	\$62.38	\$71.40
Anplwaye ak timoun	\$17.88	\$26.04	\$39.46	\$46.37
Fanmi	\$45.03	\$63.72	\$82.60	\$94.32

PPO MEDIKAL (Anthem BCBS)

Salarye	Mwens pase \$50,000	\$50,000 a \$89,999	\$90,000 a \$119,999	\$120,000 oswa plis
Anplwaye sèlman	\$38.35	\$42.84	\$50.88	\$59.11
Anplwaye ak konjwen	\$83.10	\$100.67	\$119.66	\$138.99
Anplwaye ak timoun	\$53.19	\$66.12	\$83.26	\$97.65
Fanmi	\$111.20	\$133.06	\$158.08	\$183.62

Kontribisyon Chak Semèn 2026

Anba a, w ap jwenn **frè chak semèn** pou kouvèti medikal, dantè ak swen pou je, selon plan ou chwazi a.

PPO HPN MEDIKAL (Anthem BCBS)

Salarye	Mwens pase \$50,000	\$50,000 a \$89,999	\$90,000 a \$119,999	\$120,000 oswa plis
Anplwaye sèlman	\$23.15	\$27.35	\$34.33	\$41.38
Anplwaye ak konjwen	\$47.44	\$64.36	\$80.86	\$97.42
Anplwaye ak timoun	\$25.29	\$37.71	\$52.90	\$65.12
Fanmi	\$64.08	\$85.08	\$106.81	\$128.70

W ap peye \$100 anplis chak mwa pou konjwen w si konjwen an gen aksè nan lòt kouvèti medikal, men, ou chwazi ba li kouvèti nan kad yon plan medikal Allegion.

W ap peye \$50 anplis chak mwa pou tabak, si w enskri nan yon plan medikal Allegion epi w ap itilize nenpòt kalite tabak oswa pwodui nikotin.

DANTÈ (Delta Dental)

	Plan DPPO	Plan DPPO Buy-Up
Anplwaye sèlman	\$2.54	\$3.36
Anplwaye ak konjwen	\$5.08	\$6.64
Anplwaye ak timoun	\$6.00	\$7.90
Fanmi	\$9.46	\$12.60

JE (VSP)

Plan Swen pou Je
\$1.31
\$2.81
\$2.62
\$4.48

Avantaj	Founisè	Sit Entènèt/Imèl	Telefòn
Avantaj Allegion	Allegion	Allegion.USBenefits@Allegion.com	1.844.623.9008
Èd Sante Pèsonalize	Sydney Health	anthem.com	1.844.963.0445
Medikal	Anthem	anthem.com	1.844.963.0445
Preskripsyon Medikaman	Express Scripts	express-scripts.com	1.800.818.6743
Swen Dantè	Delta Dental	DeltaDentalin.com	1.800.524.0149
Swen pou Je	VSP	VSP.com	1.800.877.7195
EAP Kòd Itilizatè: Allegion	Anthem	anthemeap.com	1.855.873.4932
HSA/FSA/HRA	WEX	benefitslogin.wexhealth.com	1.866.451.3399
Lavi/Andikap	AFLAC	mygrouplifedisability.aflac.com/ personal	1.844.426.1325
Plan Epay pou Anplwaye – 401(k)	401(k) Fidelity	401k.com	1.800.835.5095
Asirans Jiridik	ARAG	araglegal.com	1.800.247.4184
Pwoteksyon Kont Vòl Idantite	Norton LifeLock	my.norton.com	1.800.607.9174

Enfòmasyon yo nan pla men w

Ale sou sit avantaj nou an pou chèche ki avantaj ki pi bon pou ou. Epitou, w ap jwenn enfòmasyon ak resous w ap bezwen pou fè desizyon enskripsyon w lan vin pi fasil. Kòmanse sou AllegionBenefits.com.

Rezime sou Deskripsyon Plan yo

Ou kapab gen aksè nan Rezime sou Deskripsyon Plan yo (Summary Plan Descriptions, SPD) sou sit entènèt avantaj nou an, AllegionBenefits.com nan Resous. Si w vle jwenn yon kopi SPD sou fòm di, tanpri, kontakte Avantaj Allegion nan Allegion.USBenefits@Allegion.com oswa **1.844.623.9008**.

Aktout nou fè tout efò pou rapòte tout enfòmasyon yo yon fason ki kòrèk, gid pou enskripsyon sa a pa reprezante yon Rezime sou Deskripsyon Plan yo oswa lòt dokiman legal yon plan. Si gen yon divèjans ant gid sa a ak avantaj ou gen dwa pou resevwa selon kondisyon ki nan nenpòt dokiman ofisyèl plan an (san wete polis asirans ak lòt dokiman jiridik plan an) oswa nenpòt lwa ki aplike pou plan sa a, se dokiman jiridik plan an ak lwa aplikab yo ki ap aplike. Konpayi a ak delege li yo, Komite Konsepsyon Avantaj yo, gen dwa pou chanje, modifye, kanpe, oswa sispann nenpòt nan avantaj oswa pwogram plan li yo, san wete, san se pa sa sèlman, dwa pou chanje to prim pataj frè patisipan yo, ak avantaj yo bay nan kad nenpòt plan oswa pwogram, an antye oswa an pati, nenpòt lè epi pou nenpòt rezon.